КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэщ

КъБР-м и Конституцэм и махуэщ

ФОКІАДЭМ и 1-р

Налшык къалэм и махуэщ

Щіэныгъэхэм я махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№168 (23.076) • 2015 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 1, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Республикэм и махуэм и щІыхькІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цІэкІэ сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сыныбохъуэхъу ди гуфІэгъуэмкІэ - Республикэм и махуэмкІэ.

Иджырей махуэшхуэм дэ дыІуощІэ дунейм щекІуэкІ Іуэху мыхьумыщІэхэм, Урысейр экономикэ и лъэныкъуэкІэ адрей псомкІэ къапыгъэщхьэхуКІыным хущІэкъуу къыздэсыгъуэкъум къыхэкІыу щытыкІэр гугъу щыхъуа зэманым. Апхуэдэу щыт пэтми, дэ фІэщхъуныгъэ тхэлъу пщэдейрей махуэм дыхоплъэ. Абы папщІэ дызрикъун лъабжьэхэр диІэщ. Псом япэу ар Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. зэпэшэчауэ икІи зэкІэлъыткІуэу иригъэкІуэкІ политикэрщ.

Ар экономикэ зыужьыныгъэм и псынщІагъым зэран къыхуэхъу Іуэхуэр гъэмэщІэным и мызакъуэу, инновацэ зыужьыныгъэм и гъэгум техьэныр щІэгъэхуэбжьэным хуэгъэзауэ импортыр зэрызэрахъуэкІынуэр къыщІэгъэкІыныкІэ къэралми республикэми щагъэзащІэ программэрщ. Ар икІи социально-экономикэ зыужьыныгъэм и псынщІагъыр яхъумэну, ди цІыхухэм я пащхьэ щызыхуагъэува социальнэ къалэн псори шэсыпІэ хэлъу ягъэзэщІэну Іэмал ди республикэм къезыт финанс щытыкІэфІырщ.

Си фІэщ мэхъу зэманым къытхуихьа гуГъуехьэр къызэдгэкІын, республикэр экономикэ зыужьыныгъэмрэ псэукІэфІымрэ я лъагапІэ инхэм дяпэкІэ хуэкІуэнырь къызэдгъэпэщын зэрытуэзэфІэкІынур.

Мы гуфІэгъуэ махуэм щхьэхуэу къыхэзгъэбелджылыкІыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащІэр къыгуэхьпІэ имыІэу Урысейм и гъащІэм зэрепхар. Дяпэ итахэм уэсяту къытхуагъэнащ «ИгъащІэкІэ Урысейм дыгуэтынщ» жаІэу лІэщІыгъуэ куэд ипэкІэ ята тхьэрыІуэр сакъыу дгъэпэжыну. Иджырей щІэблэхэм я къалэнщ а уэсятхэм яхуэпэжыну. Мис ардыдэращ лъэпкъ куэду зэхэт ди цІыхубэм зыхуэфащэ къэкІуэн яІэныкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэр, зыуэ щытыным, зэкъуэувэным, уэзщІыныгъэм ар хущІэкъуныкІэ къаруушхуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху псоми иджыри зэ сохъуэхъу Республикэм и махуэмкІэ, си гуапэщ узынщагъэфІ, мамырыгъэ, насып, фІыгъуэ яІэну.

КІуэкІуэ Юрий хуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист, УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Амирамов Ефрем

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист, УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Амирамов Ефрем.

УЭРЭДЖЫІАКІУЭМ фокІадэм и 1-м Налшык концертышхуэ щитынущ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм и щІыхькІэ.

КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ республикэм и щэнхабэзм и зыужьыныгъэм Ефремов Амирам хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІар икІи жиІащ къыщыхъуа щІыналъэм пыщІэныгъэ хузиІэ уэрэджыІакІуэм (Амирамовыр къыщалъхуари къыщыхъуари Налшык къалэщ) адэкІи КъБР-м и творческэ интеллигенцэр сыт и лъэныкъуэкІи зэрыдиІыгъынум шэч къыззырытримыхьэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Щыщхьэ уІум и 31-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм республикэм и зыужьыныгъэм зи гуащІэ хэзылъхьахэр щагъэлъэпІащ. ЗэІущІэ гуапэр къыщыщІуихым КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий абы къарагъэблагъахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Конституцэм и махуэмкІэ ехъуэхъури, а махуэ лъапІэм ди республикэм исхэм зэрахьэ дин, зыщыщ лъэпкъ, къызыхэкІа унагъуэ емылъытауэ зэрызэкъуигъэувэр къыхигъэщащ.

- ДЭТХЭНЭ зыри ди щІыналъэм и зыужьыныгъэм дыхущІокъу, дэ ди къарур ди зэкъуэтыныгъэрщ. Ди къэралым, дуней псом къыщыхъуэхэр тлъэгъуа иужь дызэкъуэмытмэ, ди Іуэхур зэрекІакІуэнур хьэкъ тщохъу. Ди щІыналъэм игъуэта зыужьыныгъэр зэІуцІэм къедгъэблэгъахэм куэдкІэ я фІыщІэщ, ауэ дэ къэкІуэнумкІи жэуап зэрытхьыр зыщыдгъэгъупщэнкІэ Іэмал иІэкъым. УнэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ я лэжьыгъэм гурэ псэкІэ бгъэдэт куэд къыфхэтщ. Республикэм и махуэр щыдгъэлъапІэм фи лэжьыгъэр нэхъ куужу зыхьыдощІэ. Сэ сыхуейт ди республикэм и зыужьыныгъэм хуэфащІа хэлъхьэныгъэм папщІэ фІыщІэ ин фхуэсщІыну. Дэ дызэгъусэмэ, сыт хуэдэ Іуэхури къыдэхъулІэнущ. Мы пэшым щэнхабзэм, щІэныгъэм, промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, узынщагъэр хъумэным, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр, нэгъуэщІ куэди щІэсщ, дэ хуабжьу дрогушхуэ фи ехъулІэныгъэхэм. Фи лэжьыгъэр фыкъыщалъхуа щІыналъэр фІыуэ зэрыфІлъагъум щыхьэт тохъуэ. Фэ къыфхэтщ дэ щапхъэ нэс тхуэхъу нэхъыжьыфІхэр, абыхэм ящыщщ Евтушенкэ Николай, Къэрмокъуэ Хьэчим, Сэхъу Владимир, Федченкэ Людмилэ сымэ, нэгъуэщІхэри. Фи лэжьыгъэм хувиІэ лъагъуныгъэ нэсыр, фи республикэм фыхуэпэжу фызэрыхуэлажьэр щытлъагъукІэ, нэхъыбэжым дытрегъэгушхуэ. ЩхьэхуэУ фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ щытыкІэ мытынышхэм дежи республикэм исхэм я шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщхэм. ФІыщІэ ин фхудощІ ди республикэм, жылагъуэм махуэ хэсщ фаэзрытелажьэм папщІэ, ехьулІэныгъэ фибэу иджыри куэдрэ ди республикэм фыхуэлэжьэну сыфхуохъуахъуэ, - захуигъэзащ КІуэкІуэ Юрий къыззхуэсахэм.

ЗэІущІэм хэтащ Урысей Федерацэм и Президентым и Управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Михеев Алексей.

УФ-м и Президентым и фІыщІэ тхылъыр Бгы лъагэ геофизикэ институтым и унафэщІым и къуэдзэ Абшаев Магомед иратащ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и деж щиІэ щІыхьым папщІэ» орденыр Евтушенкэ Николай, Къэрмокъуэ Хьэчим, Сэхъу Владимир, Федченкэ Людмилэ сымэ хуагъэфэщащ.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, щІыхь зиІэ и артист, гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, щІыхь зиІэ и дохутыр, журналист, мэкъумэш Іэнатіэм и лэжьакІуэ, экономист, юрист щІэ лъапІэхэр, нэгъуэщІхэри зэфІагъэкІ лэжьыгъэм, зыпэрытІэнатІэ елъытауэ щІыху 70-м нэблагъэм иратащ.

Апхуэдэ щІэ лъапІэхэр зыхуэфащэ куэд иджыри ди республикэм зэрисым зэрыщыгуфІыкІыр жиІащ КІуэкІуэ Юрий зэІущІэм и кІэухым. А щІыху гуащІафІэхэм я фІыгъэкІэ ди республикэр зыужьыныгъэм и гъэгу дахэм трагъэувэфыну къыззрилъытэри КъБР-м и Іэтащхьэм и псалъэхэм дыщІигъужащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтыр **Каюдин Евгений** *трихащ.*

• Обозревателым и псалъэ

Гугъапі Іэ къытхелъхьэ

Дызытет дунейм и дежкІэ лІэщІыгъуэхэр напІэзыпІэм хуэдэщ. Апхуэдэ куэд блэлъэтащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ къэралыгъуэ яІэным щІэхъуэпсу, ауэ ар къыззрехьулІэрэ, тхыдэм и пщалъэхэмкІэ убгъэдыхьэмэ, куэд щІэкъым. Дриплъжынти блэкІам.

ОКТЯБРЬ революцэм и ужькІэ ди лъэпкъхэм а Іэмал гъуэзэджэр къахукъуэкІащ. Иджы ямыдэж большевикхэм ягъэзэщІащ къызэрагъэгуГар: лъэпкъ псори щхьэхуэу щытыным, тхыбзэ яІэным, Совет къэралыр зэхэту хуиту псэуным теухуауэ яубзыхуауэ щытахэр. ЯпэщІыкІэ къэбэрдейхэмрэ балъкъэрхэмрэ хагъэхьащ Бгырыс Автоном Совет Социалист Республикэм. Арщхьэкіэ а зэгухьэныгъэм езыхэм яхуэфащэн увыпІэ щагъуэтакъым.

Псалъэм и хьэтыркІэ, кІулыкъухэр республикэм кьадыхэт я гъунэгъуэм ящыщхэм зэхуагуэшьжат. Ар захуагъэ зыхэмылъ Іуэхут, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, революцэм и зэманым, Камминовдэри хэту, езыхэм я гъунэгъу щыныльэхэри хужьхъэм кьаІэщІэзыгъэкІыжар ди щІыналъэм и зауэлІхэрт. А псоми кьашащ мыарэзыныгъэ ин. ГурыІуэгъуэт гува-щІохами а республикэр зэрыльэлъэжынур. Адыгэхэр абыи пэплъакъым. Ахэр жыджэру ящжь ихьащ езыхэм щхьэхуэ защІыным.

Арати, 1991 гъэм фокІадэм и 1-м, ВЦИК-м унафэ кьыдигъэкІащ Къэбэрдей автоном область кьызэгъэпэщыным теухуауэ. Абы егъэщІылІа гуфІэгъуэщ дэ илъэс къэс дгъэлъапІэр. 1922 гъэм и мазаем Бгырыс АССР-м кьыхэкІыжащ балъкъэрхэри. Дэ фыуэ дыщыгъуазэщ а Іуэхушхуэм кьрикІуахэми, кІыхьу абыхэм дакьытеувыІэнкъым. ЖьытІэн кьудейщ зэгуэр Урысей империе абрагъуэм и кьуэдзэщу щыта икІи кІэкІуэдэжьпэным нэса ди лъэпкъхэр лъэ быдэкІэ къызэрызэфІэувэжар. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэщ тхьбзэ диІэ зэрыхьуар, ди лъэпкъхэм кьахэкІахэм щІэныгъэм зратыну Іэмал зэрагъуэтар. Ди лъахэр ухуэныгъэхэм зэщІащтат. Илъэс къэс щІыхухэм я псэукІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зихьэжьыр. Нэхъапэм зэи ди щІыналъэм щымыІа заводхэр, фабрикэхэр, нэгъуэщІ лъэщапІэ инхэр кьэунэхурт. Абыхэм ящыщ куэдыр Кавказ Ищхьэрэм щынэхъ инт. Псалъэм и хьэтыркІэ, лы комбинатыр, шыгуэр щагъэхьэзыр заводыр (иужькІэ машзавод хьужар), чырбыш щащІ Іуэхущ Іапі эр, н.кь.

ПсэукІэщІэ ухуэным къыщихьа екъулІэныгъэхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым ди къэралым щыяпэ дыдэхэм ящыщу 1934 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ СССР-м и дамыгъэ нэхъыщхьэр - Ленин орденыр.

Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я къэралыгъуэм нэхъри зиужьащ, къэрал теплъэ дыдэ иІэ хъуащ 1936 гъэм - КъБАО-р Къэбэрдей-Балъкъэр Автоном Совет Социалист Республикэу зэрахъуэкІащ. КъэкІэлъыкІуэ илъэсым хэхьныгъэкъэ ирагъэкІуэкІа иужь абы иІэ хъуащ езым и Конституцэ, Совет Нэхъыщхьэ, Правительствэ, суд Іэнатіэ: кІэщІу жыпІэмэ, иджырей дэтхэнэ къэралри зезыхьэ Іэнатіэхэр.

А псори щІэгъэкъуэн хуэхъуащ ди лъахэм къыпхэумыцІыхужьын хэдизу зиужьныным. ЕкъулІэныгъэхэр апхуэдизу инти, 1957 гъэм КъБАССР-м къыхуагъэфэщащ етІуанэ Ленин орденыр.

А зыужьныгъэм егъэщІылІауэ фІы и лъэныкъуэкІэ дигу кьэкІыжхэр куэд мэхъу икІи дэ абыхэм дагъэгушхуэ. Зэманым белджылыуэ кьигъэлъэгуащ къэралыгъуэ зиІэ лъэпкъхэм яІэ ефІэкІыныгъэхэр. ЖьпІэ хъунукъым нэхъапэм ди лъэпкъхэм ар къэгурымыІуэу щытауэ. Къапщтэмэ, адыгэхэр ар къыззрагъэпэщыным пэгъунэгъу дыдэ хъуауэ щытащ мызэ-мытІэу. ЛІэщІыгъуэ зыбжанкІэ уэзІэбэкІыжмэ, зэчиишхуэ зыбгъэдэль пщышхуэ Инал Нэху Абхъазэри хэту апхуэдэ къэралхэм къызэригъэпэщыну хэтат, арщхьэкІэ хунэсакъым.

Тхыдэм дыщынэсакІэ, нэхъ жыжьи дыІэбэнщ. Цивилизацэм и кьежьанІэу щыта Мысырым и зэманым къэралыгъуэ лъэщ яухуауэ щытащ адыгэхэр къызэпітехьукІа хьэтхэм. Ахэр апхуэдизкІэ лъэрызехьэти, кьарукІэ езы Египетым пикІуэтыртэкъым. Уеблэмэ, а къэралым и фирхьэун Рамсес ЕтІуанэм лІэщІыгъуэ нькъуэ пІалъэкІэ хьэтхэм мамыр зэгурыІуэныгъэ ярищІылІэн хуей хуауэ. Дэ дыкъэзытехьукІаХэри хуейтэкъым зауэ икІи а зэгурыІуэныгъэр щІагъэбыдэн папщІэ хьэтхэм я пащтыхьым и пхьур Рамсес ЕтІуанэм иритауэ щытащ.

Арщхьэкіэ блэкІар блэкІащ. Нэхъыщхьэр иджы ди цІыхухэм яІэ псэукІэрщ. ЖьІэн хуейщ ар ефІэкІуэныкІэ лъабжьэшхуэ зэрыщыІэр. Абы папщІэ ди республикэм щыпсэу цІыху псори дызыщыщ лъэпкъым, тІыгъ диныр зыхуэдэм емылъытауэ мамыру дызэдэпсэун, дызэныбжьэгъун икІи дызэкъуэту дылэжьэн хуейщ. Иужь илъэсхэм КъБР-м щекІуэкІ зэхуэкІныныгъэхэм, ухуэныгъэ инхэм апхуэдэ гугъапІэ къытхелъхьэ икІи ар къыззрыдэхъулІэнми шэч хэлъкъым.

ШАЛ Мухьэмэд.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур фокІадэм и 3-рщ.

Дамыгъэ лъапІэхэр - нэхъыфІхэм

• Дыгъуасэ

• Щыщхьэ уІу и зэІущІэхэр

ЕфІэкІуэныгъэм и гъуэгу

Налшык дэт Музыкэ театрым щэбэткІуам щекІуэкІащ ди республикэм и егъэджакІуэхэм я республикэпсо щыщхьэуІу зэхуэсышхуэ. Абы екІуэлІа куэдым яфІэхьэлэмэтащ театрым и гупэ къыт утыку хуитыщхуэм деж егъэджныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэхэм къыщыззрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэ купщІафІэр. ЗэІущІэр я уэрэдхэмрэ къафэхэмкІэ ягъэдэхащ республикэм и артистхэмрэ школакІуэ щІыкІуэхэмрэ.

ИЛЪЭС блэкІам яІа ехьулІэныгъэхэмрэ зыхунэмыса Іуэхугъуэхэмрэ щыззхуепльыжа, апхуэдэу 2015 - 2016 гъэ еджэгъуэщІэм зэфІэхьну лэжьыгъэхэр щаубзыхуа зэхьхьэ иным хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ І **Егоровэ Татьянэ**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, Федеральнэ инспектор **Канунников Владимир**, Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщІхэр, КъБР-м и министрхэр, профсоюз, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лы-кІуэхэр, районхэм, къалэхэм я Іэтащхьэхэр, егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэхэм, школхэм я унафэщІхэр, егъэджакІуэ пашэхэр, нэгъуэщІхэри.

«Егъэджэнныгъэм къыхьхьэ Іэмалыфіхэр я лъабжьэу абы и фІагъым хэгъэхъуэн» фІэщыгъэр зиІа доклад купщІафІэ зэхуэсым щищІащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущхьэмкіэ и министр **Емуз Нинэ**. Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ и унафэм щІэт Іэнатіэм и Іуэхущ Іафхэм.

- Ди министерствэм щыізэфІэтх лэжьыгъэ псоми я лъабжьэщ къэрал федеральнэ, щІыналъэ программэ хэхахэр. Абыхэм ящыщщ «2011-2015 гъэхэм егъэджэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьыныр», «Урысей Ипщэ (2011 - 2020 гъэхэр)», «КъБР-м 2013 - 2020 гъэхэм егъэджэныгъэ Іэнатіэм зыщегъэужьыным теухуауэ», «КъБР-м щІалэгъуалэ политикэм зыщегъэужьын» программэхэр, нэгъуэщІхэри, - жиІащ Емузым. - А дэфтэрхэм ялкъ иткІэ, ильэси 5 - 18 ныбжьым и т ди сабийхэм я процент 99,5-р еджэным къызэщІедгъэубыдэнущ, илъэси 3 - 7 си ныбжьхэм псоми Іэмал яІэнущ гъэсапІэхэм кІуэну. Апхуэдэу кІэлъыплъыныгъэ ткІийм щІэтынущ курыт школыр, еджапІэ нэхъыщхьэхэр, курыт щІэныгъэрэ Іэщ Іагъэрэ щызрагъэгъуэт еджапІэхэр къэзыух щІалэгъуалэр лэжьапІэ Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыным.

(КІэухыр 3-нэ нап.)

Мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэ унэтІынытгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я зэІущІэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий къыщипсэлъар

Егъэджэныгъэ Іэнатіэр увыпІэ пэрытхэм хуэгъэкІуэн

Нобэ мы пэшым щІэсщ Іэщ Іагъэ нэхъыфІ дыдэр зи гъащІэм и купщІэ цІыхухэр, ахэращ къытщІэхъуэ щІэблэм и къэкІуэнур, апхуэдэу щыщІыткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди къэралымрэ я къэкІуэнур зэльытар.

Дэ тщыщ дэтхэнэри хуейщ республикэр зэпІэзэрыту, экономикэ и лъэныкъуэкІэ зызыужьауэ, псэукІэфІ здащыІэу итьаГъу. А мурадым уху ззышэ гъуэгур егъэджэныгъэм зегъэужьыныр, абы къыхэкІыу дэ псэуныгъэ мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ а унэтІынытгъэр япэ идогъащ, егъэджэныгъэ Іэнатіэр увыпІэ пэрытхэм хуэшэным, ар иджырей зэманым къигъэувэным егъэзэгъыным теухуа кьалэнхэр догъэувэ. Абы папщІэ дызыхуеину инноваци, щэнхабзэ, псэкупсэ лъэщагъ, нэхъыщхьэращи, зи Іуэхум хуэпэж егъэджакІуэхэр диІэщ. Си фІэщ мэхъу педагогхэр ар зэфІэгъэкІыным жьджэру зэрыхьыхьэнур, фэ фегугъуу къыддэвмыІыгъмэ, сыт хуэдэ реформэхэри, щІэуэ къыхалъхьэхэри къыдэхъулІэныкъым. Иужь ильэсхэм республикэм куэд щызэфІагъэкІащ егъэджэныгъэм и инфраструктурэр егъэфІэкІуэным теухуауэ. Школ, зи школ кІуэгъуэ мыхьуахэр щІыІэ Іэхущ Іапі э зыкъом яухуащ е зэрагъэпэщыжащ, спорт залыщІэхэр, джэгупІэхэр мэлажьэ, иджырей компьютер классхэр диІэ хъуащ. ЕгъэджакІуэхэм я социальнэ статусми зиІэтащ. Мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэращи, зэрыщыту къапщтэмэ, цІыхубэм мылейуэ къальытэ егъэджэныгъэ Іэнатіэм и щытыкІэр.

Егъэджэныгъэм и фІагъыр зыкъомкІэ къэІэтын

Апхуэдэу щыт пэтми, ипэкІэ дыкІуэтэн хуейщ. ЦІыхухэр хуабжьу куэдкІэ къытщогугъ, абы къыхэкІыу егъэджэныгъэм и фІагъыр зыкъомкІэ къэтІэтын, зэманым къытхуигъэувэжм дапэлъэщын, зыщыпсэу щыпІэм, адэ-анэхэм я социальнэ статусыр зыхуэдэм емылъытауэ шокІакІуэхэм щІэныгъэ куу яГъуэтын икІи ар и лъабжьэу Іэщ Іагъэм хуеджэн, гъащІэм екъулІэн, къэралым сэбэп хуэхъун хуэдэу жылагъуэм къытхыхьэну цІыхухэмрэ Іэщ Іагъэлі эхэмрэ дгъэхъэзырын хуейщ.

Зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым курыт школым щебгъэджэныр псом япэу гъэсэныгъэу зэрыщытыр. Академик Лихачев Дмитрий Сергей и къуэм зэрыжиІам хуэдэу «Урысейм егъэджакІуэхэр сыт щыгъуи щыщІытщ щІалэгъуалэм и гупсысэхэр зыунэтІ къаруу». Дэ ди щхьэкІэ дгъэунэхуащ егъэджэныгъэ Іэнатіэм гъэсэныгъэ, гущІэгъуныныгъэ унэтІынытгъэхэр хэкІуэдыкІыным дызыхуишэ мыгъуагъэр. Ар дигу кьагъэкІыж илъэсипщІ ипэкІэ (жэпуэгъуэм и 13-м) екІуэкІахэм, иджыри нобэ узрихьэлІэ апхуэдэхэм. Школым и къалэн нэхъыщхьэр хьэлэхэр зыпсыхь, унафэхэр къэзыгъащІэ, мурадхэр къызэрыхах гъуазэхэр кьахуэзІуихынырщ. ИкІи педагогым щІэблэр хуигъэсэн хуейщ пэжыр пцІым къыщхьэщагъэкІыфу, гъащІэ бгъэдыхьэкІэ тэмэм къыхахыфын хуэдэу.

(КІэухыр 3-нэ нап.)

ЗэгурыIуэныгъэм и утым

КъБР-м и Правительствэм и Унэм и гупэм къит ЗэгурыIуэныгъэм и утым махуэшхуэ концерт щекIуэкIащ. Налшык къалэр илъэс 291-рэ, республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 94-рэ зэрырикъуэм я щIыхькIэ.

ПШЫХЬЫР ирагъэкIуэкIащ уэрэджьыкIуэ, телевиденэм и лэжьакIуэ Аттаев Азноррэ Щоджэнцыкиу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий** концертым кърихьэлIахэм зацыхуигъаззэм жIащ мы махуэхэм республикэм, КъБР-м и Къэралыгъуэм я махуэхэр Iэтауэ щIыналъэм зэрыщагъэлъапIэр зэрыгуапэр, щIыпIэм щэнхабзэ, гъуэзджэ, егъэджэныгъэ, экономикэ, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэмкIэ зэрызиужьыр, лъэныкъуэ куэдкIэ зэрефIакIуэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр жыджэру хэтщ Урысейм и демократие-правовой къэралыгъуэр ухуэным. Апхуэдэу щIыналъэм цIыхум и хуитыныгъэр къыщIэзэпаудыркъым, къэрал властым нэсу зыхэкIэ цIыхухэм я деж щихь жэуаплныгъэр, властымрэ жылагъуэмрэ я зэпыщIэныгъэм нэхъри зыщыебгъу. Республикэм ис лъэпкъ зэмылIуэжьыгъуэхэр, гъунэгъу щIыналъэхэм щыпсэухэр лIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ зэрылъытэ, мамырыгъэ, зэгурыIуэныгъэ, шыIэныгъэ яку дэлъу зэдопсэу. Дяпэки а зэхущытыкIэ дахэм дытетынущ. Special zygzag гупщэ хъунукъым къэрал Конституцэм къыщыхьахэр нэсу дгъэзэщIэн зэрыхуейр. ЩIыналъэм и зыужьныгъэр Урысейм къыгурыкIуэ ямыIэу епхащ. Ди зэкъуэтэныгъэр дяпэки нэхъ быдэ тщIыну ди къалэнщ. Республикэм исхэм сынывохъуэхъу, узыншагъэ, насып, гуфIэгъуэ фыщымыщIэну, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

Махуэшхуэ концертым кърихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым (художественнэ унафэщIыр Атэбий Игорщ), «Вагъуэ шырхэр» къэфакIуэ ансамблым (художественнэ унафэщIыр Къурашэ Эдуардщ), КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Тхьэгъэлэдж Светланэ, уэрэджьIакIуэхэу Бэч Азэмэт, Гъаэз Тимур, Мэкъуауэ Альмирэ, нэгъуэщIхэми. Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм щыщ, Москва щыпсэу икIи щылажьэ уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэхэу Ефремов Амирамрэ Апэнэс Астемырэ.

Пшыхьыр и кIэм щыэнэблагъэм хьэрэкIыгIэхэр, шар зэмыфэгъуэхэр драгъэлъэтеящ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Тхьэмахуэ кIуар уэлбанэрилэу щытами, «ХьэтIэхъущокъуэм и жыг хадэ» фестивалыр мы гъэм цIыхухэм нэхъ гукъинэ ящыхъуну къытщокъуэ, и программэр гъэщIэгъуэн дыдэу зэхэгъэувауэ щытащ.

«ХьэтIэхъущокъуэм и жыг хадэ»

● Щэнхабзэ

ШЫЩХЬЭYIУМ и 21-м Сэралъп Мадинэ зэгупсысыпхъэ куэдым Артцентрым щытепсэлъыхьащ. Псалъэмакъыр тегъуахуэ кавказ лъэпкъэм я шыфэлIыфэм. Мадинэ къыззэхуэсахэм гу лъитагъэтэжащ ди утыку итыкIэм къемызэгъэ куэд къыззэрыхьахьам, дэ зыкъыззэрытщыхъужьымрэ нэгъуэщIхэр къыззэрыдэлъымрэ, н.къ. А псори абы 1915 - 2015 гъэхэм ятха дэфтэрхэм кърихащ.

Илъэси 100-м хэрибыдзу, дауи, лъэпкъхэм я псэукIэм, Iуэху зехьэкIэм, фащэм, бзэм зэхъуэкIыныгъэшхэр къыщыхъуащ.

- Дыхэт иджы дэ нобэ?! Ди зыхуэпэкIэм, макъамэ дыздаIуэм, и махуэмкIэ. Мы гуфIэгъуэр лъэпкъ куэду зэхэт ди жылагъуэм и цIыхубэр зэрызэкъуэтым, мамыру зэрызэдэпсэум, зэрызэгурыIуэм я дамыгъэщ. Дызэкъуэтмэ, куэд тхузэфIэкIынущ республикэм зиужьын икIи зэщIэгъэгъэн и лъэныкъуэкIэ. Ди фIэщ мэхъу дызэдегугъуэмэ, жылагъуэр зэгурыIуэмэ, абы щыщ гуп псори псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ зэдзэлажьэмэ, ехьулIэныгъэ инхэр къызэрытхьынур. Нобэ дэ тщыщ дэтхэнэми, ди лэжьыгъэми, жэрдэмми, тхэлъ граждан жэуаплныгъэми елъытащ республикэм и мызакъуэу, Урысей псом и къэкIуэнур. Ди гуапэщ дыщалъхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпIэзэрытыныгъэ ильыну, ар зэщIэгъэгъэну, ди цIыхухэм мамырыгъэрэ фIыгъуэрэ яIэну, къэкIуэну махуэм фIэщхъуныгъэ яхэлъу IуущIэну, узыншагъэ быдзэрэ насыпрэ яIэну.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Унафэщ **ЧЕЧЕНОВ Ануар.**

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 1, *гъубж*

♦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэщ. 1921 гъэм Къэбэрдей АО-р къыззэрагъэпэщащ.

♦Налшык къалэ и махуэщ

♦ЩIэныгъэхэм я махуэщ

♦Узбекистан Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм Ташкент щызэхэтащ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и сессие, абы къэрал суверенитетым теухуа унафэр кьыщащтащ.

♦1255 гъэм Кенигсберг быдапIэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

♦1569 гъэм урыс пащтыхь Иван IV и щхьэгъусэ, **Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие)** дунейм екьжащ.

♦1674 гъэм **Черкасский Муцал и къуэ Къасболэт** пщым и дзэм Азов и деж тыркудзэр щызэтрикъуатащ.

♦1910 гъэм Апрелевкэ къалэм Урысейм щыяпэу кьыщызэIуахащ граммофон пластинкэхэр кьыщыщIагъэкIэ фабрикэ.

♦1939 гъэм ЕтIуанэ дунейпсо зауэр кьэхъеящ.

♦1940 гъэм Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу ящтIыпщащ.

♦1940 гъэм Налшык кьыщызэрагъэпэщащ адыгэ, балъкъэр балет студиехэр.

♦1969 гъэм «Песняры» белорус ансамблыр кьыззэрагъэпэщащ.

♦2004 гъэм Беслъэн къалэм дэт езанэ курыт школыр террористхэм ябыдащ.

♦Урысей пащтыхь гуащэ, Пётр Езанэм и анэ **Нарышкинэ Наталье** кьыззэралъхуэрэ илъэс 364-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу щыта **Къудей Чэрим** кьыззэралъхуэрэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦УФ-ми, Куба ми, КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Зыхьэ Заурбий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

ФокIадэм и 2, *бэрэжьей*

♦Дзэ щыхьым и махуэщ - ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щиуха махуэщ

♦Урысей гвардием и махуэщ

♦Полицэм и плъыр-пост къулыкъум и махуэщ

♦Вьетнамым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦Ди эрэм и пэкIэ 490 гъэм - пасэрей алыдж зауэлI Филипид алыджхэр персхэм зэратекIуам теухуа хьыбарыщIэ хьэлэмэтыр и хэкуэгъуэхэм яригъэщIэн пащIэ Марафон къалэм къыщыщIэдзауэ Афинхэм нэсыху - километр 42-рэ метри 195-рэ - гъуэгуанэр къижауэ щытащ. Абы и щыхькIэ марафон жэкIэр Олимп Джэгуэхэм хагъэхьащ.

♦1943 гъэм **Къанкъуэщ Ахьмэдхьан** Совет Союзым и Лыхъужь цIэр къыфIащащ.

♦Совет актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Леонов Евгений** къызэралъхуэр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, фильм цIэрыIуэ куэдым я макъэмэхэр зытха, СССР-м и цIыхубэ артист **Петров Андрей** къызэралъхуэр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Гафт Валентин** къызэралъхуэр илъэс 80 ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ артисткэ **Проклова Еленэ** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦ Сурэтыщ I-живописец **Ерчэн Исуф** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр цIэрыIуэ **Ривз Киану** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦Атлетикэ хьэлъэмкIэ спортым и мастер, дунейпсо чемпионатым жэз, Европэпсо зэпеуэм дыжьын медалхэр къыщызыхьа **Къардэн Рагнеттэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Бланэ щалъху йокIуэлIэж.

Дызэкъуэту икIи дызэдэIэпыкъуу

КъБР-м и Жылагъуэ палатэр республикэм и цIыхухэм йохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ. Мы гуфIэгъуэр лъэпкъ куэду зэхэт ди жылагъуэм и цIыхубэр зэрызэкъуэтым, мамыру зэрызэдэпсэум, зэрызэгурыIуэм я дамыгъэщ. Дызэкъуэтмэ, куэд тхузэфIэкIынущ республикэм зиужьын икIи зэщIэгъэгъэн и лъэныкъуэкIэ. Ди фIэщ мэхъу дызэдегугъуэмэ, жылагъуэр зэгурыIуэмэ, абы щыщ гуп псори псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ зэдзэлажьэмэ, ехьулIэныгъэ инхэр къызэрытхьынур. Нобэ дэ тщыщ дэтхэнэми, ди лэжьыгъэми, жэрдэмми, тхэлъ граждан жэуаплныгъэми елъытащ республикэм и мызакъуэу, Урысей псом и къэкIуэнур. Ди гуапэщ дыщалъхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпIэзэрытыныгъэ ильыну, ар зэщIэгъэгъэну, ди цIыхухэм мамырыгъэрэ фIыгъуэрэ яIэну, къэкIуэну махуэм фIэщхъуныгъэ яхэлъу IуущIэну, узыншагъэ быдзэрэ насыпрэ яIэну.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Унафэщ **ЧЕЧЕНОВ Ануар.**

● Хъыбар гуапэ

Кучинэ Марие дуней псом щытокIуэ



Китайм и къалащхьэ Пекин щекIуэкIа атлетикэ псынщIэмкIэ дунейпсо чемпионатым и иужьрей махуэм ди лъахэгъу Кучинэ Марие дыщэ медаль къыщихьащ.

ЦIыхухьзхэр лъагэу дэлъеинымкIэ зэпеуэр сыт щыгъуи хуэдэу гуащIэу щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым хьыкъ Прохладнэ къалэм къыщалъхуа икIи къыщыхъуа Кучинэ Марие и хьэрхуэрэгъут Хорватием щыщ, дуней псом мызэмыгъэу и чемпион хъуа Власич Бланкэрэ Лондон щекIуэкIа иужьрей гъэмахуэ Олимпиадэм щытекIуа Чичеровэ Аннэрэ.

Зи гугъу тщIа хъыджэбзищри метритIрэ зы сантиметрым щхьэпрыльащ. Нэхъыбэ зыми хуэзфIэкIакъым. Апхуэдэм и деж къальытэ бгъэдыхьэкIэ дапщэкIэ лъагагъыр кьащтами. Ауэ ари Iуэху тыншу щыта, Кучинэ Марие и щIэкIакъым. Кучинэ Марие и Власич Бланкэрэ метри 2,01-м щхьэпрыльным трагъэкIуэдар зы бгъэдыхьэгъуэт. Чичеровэм ар кьыщыхьщтар етIуанэрати, занщIэу жэзыр хуагъэфэщащ. Адэкъэ Iуэхум щыхэплъэм кьахутащ Кучинэм и лъагапIэ псори зэ ельэгъуэкIэ къызэрызэринэкIар. Власич метр 1,92-р къыщыхуэщтар етIуанэ бгъэдыхьэгъуэращ. А зэпэлъытыныгъэ псоми зэрыщефIэкIам и фIыгъэкIэ Кучинэ Марие дунейпсо чемпион хъуауэ къалъытащ икIи дыщэ медаль кьыхуагъэфэщащ.

Ди лъахэгъу хъыджэбзым нэхъапэми ехьулIэныгъэшхэр иIащ. Къапщтэмэ, пэшхэм щрагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм Кучинэр нэгъабэ дуней псом, мы гъэм Европэм я чемпион щыхъуащ. Иджы щыIби дыщэр щызыIэригъэхьащ.

Дэтхэнэ зы спортсменми хуэдэу, Кучинэ Марие и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр етIанэгъэ Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIыну Олимп Джэгуэхэм щытекIуэнращ. Ар абы къехьулIэну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Фыдогъэблагъэ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп. Ебланэ джэгугъуэ «Спартак-Налшык» - «Ангушт» (Нэзрэн) Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 1. Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

Тхьэмахуэ кIуар уэлбанэрилэу щытами, «ХьэтIэхъущокъуэм и жыг хадэ» фестивалыр мы гъэм цIыхухэм нэхъ гукъинэ ящыхъуну къытщокъуэ, и программэр гъэщIэгъуэн дыдэу зэхэгъэувауэ щытащ.

ШЫЩХЬЭYIУМ и 21-м Сэралъп Мадинэ зэгупсысыпхъэ куэдым Артцентрым щытепсэлъыхьащ. Псалъэмакъыр тегъуахуэ кавказ лъэпкъэм я шыфэлIыфэм. Мадинэ къыззэхуэсахэм гу лъитагъэтэжащ ди утыку итыкIэм къемызэгъэ куэд къыззэрыхьахьам, дэ зыкъыззэрытщыхъужьымрэ нэгъуэщIхэр къыззэрыдэлъымрэ, н.къ. А псори абы 1915 - 2015 гъэхэм ятха дэфтэрхэм кърихащ.

Илъэси 100-м хэрибыдзу, дауи, лъэпкъхэм я псэукIэм, Iуэху зехьэкIэм, фащэм, бзэм зэхъуэкIыныгъэшхэр къыщыхьащ.

- Дыхэт иджы дэ нобэ?! Ди зыхуэпэкIэм, макъамэ дыздаIуэм, ди зыхуэпэкIэм и жыг хадэм Iуэхум щыпищащ «Гоголь-Центр»-м (Москва къалэ) къикIа ди хэкуэгъу актрисэ Мамрэш Светланэ. Зыгъэпсэхугъуэ махуэти, ди жыг хадэми цIыхухэр итт, Мамрэшым и Iэщ1агъэм теухуауэ щIэупщIэну кьыбгъэдыхьэхэри мащIэтэкъым. Абдежым актрисэм мастер-класс щитащ, и актёр зэфIэкIхэм ехьэлIауэ.

Щыгъуаззэ дызэрыхьамкIэ, Мамрэшыр ильэс 16-м иту Москва еджакIуэ кIуащ, МХАТ-м и студиер къиуващ, кьехьулIа ролхэм ящыщу кьыхагъащ «Иван Грозный» сериалым Марие (Гуащэнэ) и образыр къыззэрыщигъэлъэгъуар.

Кьыкlэлъыкlуэ махуэми Мамрэш Светланэ и творческэ зэIущIэ щекIуэкIащ Сэралъп Мадинэ и Iуэхущ1апIэм. Абыи цIыхушхуэ екIуэлIащ. Светланэ абы уэрэд щыжиIащ, и лэжьыгъэм щытепсэлъыхьащ, урысей киномрэ театрымрэ я режиссёр Серебренников Кирилл зэрыдэлажьэр кьыхигъэщащ. ЗэIущIэм кърихьэлIат Сокуров Александр и студиер мы гъэм къззыуха щIалэгъуалэр. Актрисэм жиIащ зэхэщIыкI ин зиIэ, зэфIэкI зыбгъэдэлъ цIыхухэм зэрагъущIар и гуапэ зэрыхъуар. Апхуэдэуи абы фIыщIэ хуищIащ уэрэд щигъэзащIэм пианинэм еуа, пIалъэкIэ зыдэлажьа Моттаевэ Регини (Кавказ Ищхьэрэм Гъуэджэхэмкlэ и къэрал институтым и лэжьакIуэ). «Псалъэншэу узыгурыIуэф лэжьагъу къэгъэзытыгъуейщ. Апхуэдэу къьщIэкIащ Регинэ», - кьыхигъэщащ абы. Зэхьихьэм кърихьэлIат езы Светланэ и анэмрэ анэшхуэмрэ. Абы зэIущIэр нэхъ гуапэ, дауи, иущIат. Сэралъп Мадинэ нэхъыжьхэм фIыщIэ яхуищIащ пхъуфI зэрагъэсам папщIэ.

Фестивалым дыхэту ХьэтIэхъущокъуэм и жыг хадэмкIэ дгъэзэжмэ, абыкIэ Мэзлю Руслан арджэн зэращыхьэ хигъэгъуэзэрт ар зыфIэгъэщIэгъуэну къекIуэлIаХэр. Апхуэдизкlэ а Iэщ1агъэм дихьэхат зы хъыджэбз цIыкIуи, зэрыгъунэгъур фIэмащIэу, утыкумкIэ кIуатэрт. Абы Руслан гу лъимытэу кьэнакъым - алэрыбгъу цIыкIу зэIуищар тыгъэ хуищIащ.

Адыгэр лъэпкъ Iэщ1агъэкIэ къулейуэ сыт щыгъуи щытащ. Абыхэм ящыщт дыжьынымк хьэпшыпхэр кьыхэщIыкIынур. Мы зэманым аращ зэлэжьыр КIуэкIуэ Жан. Бэлъхъугъэм и дерсым къеблэгъат нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри. Абыхэм щыгъуазэ зыхуащIащ хъэрэмэхъищэу Iэпщэхъу, щыгъэ хуэдэхэр зэраблэн. Языныкъуэхэм я насып кьрихьэкIащ Жан я дэIепыкъуэгъуэ езыхэми апхуэдэ хьэпшыпхэр ящIыну.

Я зэфIэкI цIыкIуи ини щелпIыжащ кхъуэщынхэкIэр ятIагъуэм кьыхэщIыкIынми. А Iэщ1агъэр дэтхэнэми хуэгъэIэрыхуэркъым, гугъущ, итIани, а Iуэхум хэлъ щэху гъэрхэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзэфащ «ХьэтIэхъущокъуэм и жыг хадэ» фестивалым хэтыну Ставрополь къикIа кхъуэщынищI Орлов Вячеслав. Апхуэдэуи абы Налшык щигъэлъэгъуэну кьыздишат и лэжьыгъэ нэхъыфIхэр. Ахэри яфIэхьэлэмэт хъуащ зыгъэпсэхуакIуэхэм.

ГъэщIэгъуэн куэдым цIыхум зыхуагъэсэфыну щытащ зэхыхьэр зытещIыхьа махуищым. Нэхъыбэу ахэр псори зытеухуар ди лъэпкъ Iэщ1агъэхэт, апхуэдэуи гъуазджэм и лIэужьыгъуэ куэд фестивалым къызэщIиубыдэрт. Псалъэм папщIэ, езыхэм зэрагъэпэща Iэмэпсымэхэмкlэ макъамэ тельыджэ Тыркум къикIа «Кшап» гупыр зэрытхуэуар, «Атажукин-садик» гуащэ театрым игъэхьэщыра лэжьыгъэхэм дызэрыхагъэплъар, Сокуров Александр иригъэджахэм мы гъэм траха фильмхэр утыку къызэрырахьар, «ХАТТИ» гупым сабийхэм адыгэ джэгу зэраухуищIар, Грознэ, ЕсынтIыгу къалэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми къикIа гупхэм я зэфIэкIым дызэрыхагъэгъуэзар. Шэч хэлъхьам «ХьэтIэхъущокъуэм и жыг хадэ-2015» творческэ фестивалыр гъэщIэгъуэн зэрыхъуам, цIыхухэм ар гукъинэж зэращыхьуам.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КъБР-м и Къэралыгъуэм и щIыхькIэ

КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и управленэм и Iуэхущ1апIэм щекIуэкIащ «Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм Урысей къэралым зиужьынымкIэ я мыхьэнэр» зи фIэщыгъэ зэIущIэр. Ар траухущ КъБР-м и Къэралыгъуэм, Налшык къалэм я махуэхэм. Кьрагъэблэгъащ республикэм щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Iуэхум тепсэлъыхьыхьи илъ республикэм. Налшык къалэ я тхыдэм зэ ирилъэжащ.

- МЫ ЗЭIУЩIЭР идогъэкIуэкI республикэм щыдгъэлъапIэ махуэшхуэхэм я щIыхькIэ. ИкIи абыкIэ жытIэну дыхуейщ къэралым зиужьынымкIэ и лэжьыгъэр зэгухьэныгъэхэр сэбэп зэрыхъур, Iэмал имыIэу цIыхубэмрэ къэралымрэ Iэху зэдащIэн зэрыхуейр, - кьыжиГъэщащ ар кьыщыхьэIуихьым КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Гергоков Джамбулэт.

